

Rezime Politik Èd Finansyè Nan Yon Langaj Klè

Northeast Hospital Corporation kap eksplwate Addison Gilbert Hospital ak Beverly Hospital ki se de lopital ki bay swen sante aktif ansanm ak BayRidge Hospital ki se yon lopital sikatrik ki pa la pou fè pwofi (kolektivman NHC”), te kreye pou reponn ak bezwen moun ki rete Massachusetts yo ak moun ki rete nan zòn vwazen yo. Lopital la angaje li pou li bay pasyan yo sèvis medikal kèlkeswa kapasite ekonomik yo. NHC konnen se pa tout pasyan yo ki kapab peye fakti lopital yo. Rezime sa ki nan yon langaj ki klè epi ki senp bay enfòmasyon bazik yo sou Politik Èd Finansyè nou an.

Politik Èd Finansyè NHC

Staf konseye Finansyè nou an pral ede moun yo aplike pou pwogram asirans maladi gouvènman yo epi ede yo ranpli demand Èd Finansyè a san fè yo peye. Pwogram Èd Finansyè a ofri sèvis ijans ak lòt sèvis medikal nesèsè gratis pou pasyan ki kalifye pou sa. Ni pasyan ki pa asire ditou, ni pasyan ki gen yon asirans ki pa ka kouvri tout sèvis yo kapab mande yon èd finansyè. Lè yo fin apwouve, pasyan yo ka jwenn asistans ki gen rapò ak nenpot pasyan ki responsab dèt sila:

Swen karitatif

Nivo Povrete Federal	Kantite lajan pou Asistans
400% oswa mwens	100%

Difikilte Medikal

100% rediksyon pou pasyan ki gen dèt medikal ki siperyè oswa egal a 25% lajan ki antre nan fanmi yo. **Enpòtan:** Kontribisyon ki pa nan Rezo a, ko-asirans ak franchiz yo pa kalifye pou èd finansyè. Nan okenn ka, Yon pasyan ki kalifye pou èd finansyè pap peye plis pase kantite kòb yo mande pasyan ki asire yo.

Kijan Pou Jwenn Kèk Egzanplè Sou Politik Ak Aplikasyon Pwogram Èd Finansyè Nou An.

Ou ka jwenn yon kopi politik ak fòm aplikasyon gratis nou yo nan fason sa yo:

- <https://www.beverlyhospital.org/locations--services/patients--visitors'-guide/billing--patient-accounts>
- Vizite biwo konsèy finansyè nou an ki chita nan:
 Lahey Hospital and Medical Center
 Main Lobby
 41 Mall Road
 Burlington MA, 01803
- Mande kèk kopi ou ka voye pa lapòs oswa pa mwayen elektronik lè w konpoze nimewo sa: (781) 744-8815 (ou ka rele nimewo sa tou pou w mande èd nan sa ki gen pou wè ak pwosesis demand lan)

Politik Èd Finansyè, Aplikasyon ak Rezime Politik Èd Finansyè a Nan Yon Langaj Klè disponib nan divès lang sa yo.

Politik Èd finansyè yo, Aplikasyon ak Rezime Politik Èd Finansyè nan langaj klè yo disponib nan lang anba yo:

Fransè	Kreyòl Ayisyen	Italyen
Pòtigè	Grèk	Ris
Amenyen	Hindi	Guajarati
Panjabi	Chinwa Senplifye	Chinwa Tradisyonèl
Espanyòl	Japonè	Koreyen
Mon-Khmer, Kanbodyen	Vyetnamyen	Arab
Anglè		

Pwoteksyon anba Politik Èd Finansyè

Pasyan yo ta dwe aplike pou pwogram asirans maladi gouvènman yo pandan peryòd 6 mwa k ap swiv demann èd finansyè yo pou yo kapab elijib pou èd NHC a. Pasyan yo/ Garan yo kapab mande Yon èd finansyè nan nenpot ki moman, rive jiska De San Karantyèm (240) jou aprè premye relve faktirasyon apre egzayat la disponib

Byen ranpli demand ou an epi voyel bay:
 Financial Counseling Office (Biwo Konsèy Finansyè)
 41 Mall Road
 Burlington MA, 01803

Depi demand lan apwouve, èd finansyè yo pral aplike nan:

- Anna Jaques Hospital
- Addison Gilbert Hospital
- BayRidge Hospital
- Beth Israel Deaconess Medical Center
- Beth Israel Deaconess Hospital-Milton
- Beth Israel Deaconess Hospital-Needham
- Beth Israel Deaconess Hospital-Plymouth
- Beverly Hospital
- Lahey Hospital & Medical Center
- Lahey Medical Center, Peabody
- Mount Auburn Hospital
- New England Baptist Hospital
- Winchester Hospital

NB: Gen nan pami medsen yo ki pa kouvri anba politik èd finansyè NHC yo. Tanpri, vizite sit entènèt nou an oswa kontakte nou nan (781) 744-8815 pou plis enfòmasyon.